



APWOPO NOU MENM

Anpeche Abi Timoun Indiana devwe nan anpeche abi ak neglijanans timoun. Lè nou fè sa, nou fè Indiana vin yon kote ki pi sekirite e pi bon pou timoun nou yo.

FÈ YON PLAN

Tout moun renmen dlo, epi ka gen anpil plezi ladan li, men o menm tan li ka pòte trajedi. Avèk planifikasyon senp nou ka ede asire sekirite tout moun. Timoun oblije rete siveye nenpòt lè yo pre kèlkeswa plan dlo.

SA POU FÈ


- Evite distraksyon (selilè, aparèy elektwonik, konvèsasyon)
- Anseye timoun danje ki genyen nan dlo
- Anwole pitit ou nan kou naje
- Aprann CPR
- Edike kèlkeswa moun k ap veye pitit ou sou zafè sekirite bò dlo
- Vide pisin pou bebe, benwa oswa kèlkeswa kontenè ki kapab kenbe dlo apre w fin sèvi avèk yo
- Kouvri pisin ou epi mete alam pou bay plis pwoteksyon
- Kenbe ekipman sekou toupre
- Kenbe kouvèti twalèt fèmèn lè gen timoun piti nan zòn nan.
- Mete Jilè Sovtaj ki Apwouve pa Gad Kòt Ameriken depi w pre gwo dlo
- Evite glas sou lak, letan, sous dlo, ak pisin - DANJERE ANPIL
- Konnen 911

SA POU PA FÈ

- Pa kite jwèt nan dlo a
- Pa atann sovte sèvi kòm gadyen pitit ou!
- Pa plonje nan dlo ou pa konnen
- Pa kenbe nechèl oswa mèb patyo toupre pisin anlè lè ou p ap itilize yo
- Pa mete aparèy chofaj dlo cho ou pi wo pase 120° F

APRANN PLIS

Skane anba pou wè bwochi konplè a.



PLIS RESOUS

Pou plis enfòmasyon sou prevansyon ak lavi paran, ak resous, tanpri rele
1.800.CHILDREN
(1.800.244.5373)

PCAIN.ORG